

Ki sa CRAN ap tann nan men nouvo Dirijan yo ?

CRAN te reyini jan l konn fè l chak twazyèm dimanch nan mwa jiyè a. Li te chèche konprann sa k pase nan peyi a. Li gade tou ki wout ki kapab mennen nan yon peyi ki pi bon, ki pi anfavè tout sitwayen ak sitwayèn yo.

Wi, tout moun te konnen Gouvenman an te byen deside pou pri gaz la monte. Se sa FMI (Fon Monetè Entènasyonal) te mande l, epi yo bezwen lajan pou fè aparèy Leta a mache, apre tout eskandal koripsyon ki genyen.

Men, jan sa fèt la, Gouvènman an montre li pa konn sitiyasyon pèp la, li pa konn koute moun ki konnen. Popilasyon Ayisyen an te montre tout desepsyon li ak kòlè l pou jan dirijan yo pa pran responsablite devan kondisyon lavi li.

Se vre, kapab gen men kache, règleman kont, lit enfliyans politik ak ekonomik anba anba, ki pran woulib sou yon pèp ki pa kontan epi ki pa dakò ak jan yo dirije l, men se movèz volonte ak movèz gouvènans ki fè n konprann sa k pase a.

CRAN repete tout kesyon li te poze depi nan nòt li te pibliye nan mwa me a, lè l t ap mande : Se vre, Gouvènman kwè fòk taks yo ak pri gaz la monte. Men pèp la tou gen dwa l pou l konnen, paske li gen je epi li wè.

- a. Si taks yo monte, ki sa k pral fèt pou mennen yon batay sere sere kont koripsyon, epi pou lajan PetroKaribe tounen vin jwenn peyi a?
- b. Si taks yo dwe monte, ki sèvis sosyal k ap vin pi bon pou soulaje mizè pèp la? Eske se lasante, oswa pi bon lekòl gratis pou tout timoun yo?
- c. Si taks yo dwe monte, epi lavi a vin pi chè, èske y ap peye salè ti anplwaye yo anvan lontan, paske se sa k dwa yo? Epi, èske salè minimòm nan peyi a ap monte tou?
- d. Si taks yo dwe monte, èske y ap konbat gaspiyay nan Leta ak plis fòs : Gaspiyay nan fason yo roule gwo machin, gaspiyay nan pakèt sekirite yo mobilize pou chak grenn otorite, gaspiyay nan depans pou fè fèt ak banbòch agòch adwat, gaspiyay nan vwayaj, gaspiyay pou mennen kanpay elektorale san rete?
- e. Si taks yo dwe monte, èske y ap konbat kontrebann, ak tout kalte privilèj nan egzonerasyon nan zafè taks anfavè zanmi politik?
- f. Si taks yo dwe monte epi lavi a vin pi chè, ki konsekans sa ap genyen sou lavi majorite pèp la ki pa p travay ?

Kounye a, yon lòt seri Dirijan dwe monte. Nou swete pou genyen yon Premye Minis ki konn lamizè moun yo. Li dwe pwòch yo. Yon moun ki gen **konpetans ak kapasite** pou jere yon peyi, epitou, fòk li

merite **konfyans** pèp la. CRAN mande Prezidan an, Lachanm ak Sena a pou yo chèche sa k nan enterè tout yon popilasyon, olye yo chèche fè yon sektè oubyen ti zòn pa yo a plezi.

Konsa, CRAN mande : pou nouvo Dirijan yo di aklè ki sa y ap fè pou **mennen yon batay sere kont koripsyon** an, paske **gen yon ijans anvan tout lòt bagay : se refè konfyans ki dwe genyen ant popilasyon an ak Dirijan l yo.**

Li dwe klè ki jan y ap soulaje mizè popilasyon an. Men kesyon nou mete devan yo :

- Ki mezi y ap pran pou kreye plis sèvis sosyal pou lasante ak ledikasyon vin aksesib pou tout moun ?
- Kilè salè minimòm nan va monte nan peyi a, pou fanmi yo kapab reponn ak bezwen yo genyen ?
- Ki sa Dirijan yo ap fè pou frennen kous lavichè a ki pa janm kanpe ?
- Ki mezi Leta ap pran pou fini ak gwo gaspiyay lakay li ?
- Ki jan y ap konbat kontrebann ki anfavè grannèg epi k ap touye jefò pwodiksyon lokal yo ?

CRAN kontinye ap plede pou yon bidjè Leta ki gen **priorite vrè**. Nouvo Dirijan yo dwe di ki kritè y ap mete devan. CRAN panse **sante, edikasyon, lajistis, anviwònman, pwodiksyon lokal ak agrikilti** pa dwe pa ladan l.

Dirijan yo dwe bay **Lajistis** mwayen pou mennen yon lit kont koripsyon san gade dèyè. Lajan PetwoKaribe yo fin detounen an dwe rive jwenn peyi a ankò. Ki jan pou konprann sa: Lajistis rive jwenn nan detwa jou moun ki pran ti bagay, men, pou kisa gwo vòl k ap fèt nan Leta a rete san pa gen ankèt, arestasyon, jijman ak sanksyon?

Yo dwe **retire pakèt privilèj** ki genyen pou Lejislatif ak Egzekitif la ki pran 10% nan bidjè Leta 2017-2018 la, epi pyès moun pa wè ki sa l itil peyi a.

CRAN plede pou Dirijan yo dekrete yon lane kote Leta a ap **fini ak gaspiyay**, ak depans inital nan kanaval ak tout kalite fèt swadizan pou fè pèp la kontan men ki pa regle anyen nan vi l.

Devan **lekòl k ap louvri** anvan lontan epi ki toujou yon tèt chaje pou anpil moun, CRAN sijere pou Leta a veye pou pri ekolaj yo pa monte ak jan yo te fikse yo nan lane ki sòt pase a. Si gen sakrifis ki pou fèt, se tout moun ki dwe pote yo ansanm nan konbat lavichè k ap monte chak jou pi plis.

CRAN kountinye ap plede pou yon **konferans oswa dialòg nasyonal** kote tout sektè anndan popilasyon kapab patisipe kòm sa dwa.

Li lè li tan pou chak moun ak chak enstans ki gen chay pou dirije peyi nou an pran reskonsablite l toutbon pou soulaje mizè popilasyon an epi pou bati yon avni ki bay espwa.

##

Ce que la CRAN attend des nouveaux Dirigeants

La CRAN a tenu sa réunion mensuelle habituelle le troisième dimanche du mois de juillet. Elle a cherché à comprendre ce qui se passe dans le pays. Elle a exploré des chemins pour conduire le pays vers un meilleur avenir qui soit plus en faveur des citoyens et citoyennes.

Oui, le Gouvernement était bien décidé de faire monter les prix des carburants. C'est la demande de la FMI (Fonds Monétaire International), puis on a besoin de l'argent pour faire fonctionner l'appareil étatique après que les différents scandales de corruption ont vu le jour.

Mais, la façon de faire, démontre que le Gouvernement ne comprend rien de la situation des gens, et qu'il ne sait écouter vraiment. La population haïtienne a manifesté toute sa déception et sa colère pour la façon que les Dirigeants refusent de prendre leur responsabilité face à leur condition de vie.

Il est bien possible que des mains cachés, des règlements de compte, des influences économiques et politiques étaient à l'œuvre lors des violences du 6, 7 et 8 juillet dernier, qui profitent de la réaction populaire qui manifestait son mécontentement avec la façon qu'on le dirige, mais il faut bien pointer le doigt sur la mauvaise volonté et la mauvaise gouvernance comme responsables de la situation.

La CRAN tient à répéter les questions qu'elle a posées dans sa note de presse du mois de mai, quand il avancé : le Gouvernement croit qu'il doit augmenter les prix des carburants, mais **le peuple également a le droit de connaître et de comprendre.**

- a. Si les taxes montent, qu'est-ce que le Gouvernement fera pour **mener une lutte acharnée contre la corruption** et pour rapatrier les fonds détournés de PetroCaribe ?
- b. Si les taxes doivent être augmentées, **quels services sociaux seront organisés** pour assurer les droits fondamentaux de la population ? Seraient-ce de meilleurs soins de santé, ou l'école gratuite pour tous les enfants ?
- c. Si les taxes doivent être augmentées, et le coût de la vie est à la hausse, est ce que finalement on va décider de **payer les arriérés de salaires** de tous les petits employés, selon ce qui leur revient de droit ? Est-ce que le **salair minimum des travailleurs sera revu à la hausse** ?
- d. Si les taxes doivent être augmentées, est-ce que l'Etat mènera **la lutte contre tout gaspillage** avec plus de détermination ? Le gaspillage dans l'usage des voitures de luxe et les sécurités qui doivent accompagner chaque autorité, le gaspillage dans les dépenses pour des fêtes, le gaspillage lors des voyages (per diem et autres), le gaspillage pour mener une campagne électorale à chaque instant ?
- e. Si les taxes doivent être augmentées, est-ce qu'on va **combattre la contrebande**, et **les privilèges et exonérations** dont jouissent les amis politiques ?
- f. Si les taxes doivent être augmentées et la cherté de la vie monte en flèche, quelles en seront **les conséquences pour la majorité populaire** qui est en chômage ?

Maintenant, de nouveaux Dirigeants doivent prendre la direction du pays. La CRAN souhaite que le Premier Ministre soit conscient de la misère des gens. Il doit être **proche** du peuple, en même temps qu'il a la **compétence** et la **capacité** de gérer un pays, mais surtout il doit jouir de la **confiance** de la population. La CRAN demande au Président, à la Chambre et au Sénat de chercher sincèrement ce qui est **le bien commun de la nation et de la population**, au lieu de lutter pour l'avantage d'un secteur ou de leur zone.

Ainsi, la CRAN demande aux nouveaux Dirigeants de faire savoir clairement comment ils vont entreprendre **une lutte sérieuse contre la corruption, parce ce qu'il y a une urgence avant tout autre : c'est de refaire la confiance nécessaire entre une population et ses Dirigeants.**

Ils doivent expliquer clairement comment ils comptent soulager la misère des gens. Nos questions :

- Quelles seront les mesures qu'ils vont mettre en œuvre pour créer des services sociaux valables pour que la santé et l'éducation soient accessibles pour tous et toutes ?
- A quand une adaptation du salaire minimal, pour que les familles puissent répondre à leurs besoins ?
- Qu'est-ce que les Dirigeants comptent faire pour freiner la course de la cherté de la vie qui ne s'arrête jamais ?
- Quelles mesures prévoient-ils pour en finir avec les gaspillages au niveau de l'Etat ?
- Comment va-t-on combattre la contrebande qui bénéficie aux grands importateurs et qui tue la production locale ?

La CRAN continue son plaidoyer pour un budget étatique avec **de vraies priorités**. Les nouveaux Dirigeants doivent expliquer les critères adoptés. La CRAN croit que **la sante, l'éducation, la justice, l'environnement, la production locale et l'appui à l'agriculture ne devraient pas être absents**.

Les Dirigeants doivent prévoir des **moyens pour que la Justice puisse mener une lutte sérieuse contre la corruption**. L'argent détourné de PetroCaribe doit retrouver le pays. Comment comprendre cela : la Justice est capable dans un temps de deux trois jours de retracer ceux qui ont volé quelque chose de minimal, mais les grands vols dans l'Etat restent sans enquête, sans arrestation, sans jugement et sans aucune sanction ?

Les Dirigeants doivent **retirer les nombreux privilèges** qui permettent à l'Exécutif et au Législatif de s'approprier de 10% du budget de l'Etat de 2017-2018, sans que personne n'en comprenne la nécessité.

La CRAN propose que les Dirigeants décrètent **une année pour en finir avec le gaspillage** au niveau de l'Etat, avec des dépenses inutiles, comme des carnivals et des fêtes pour satisfaire les gens mais sans que personne n'y voit un impact réel sur la vie.

Confronté avec **la réouverture des classes** qui toujours constituent un grand problème pour les parents, la CRAN suggère que l'Etat veille à ce que les prix de l'écolage ne soient pas augmentés par rapport à la dernière année. S'il y a des sacrifices à s'imposer, vaut mieux que tous les portent ensemble pour lutter contre la cherté de la vie qui monte à chaque instant.

La CRAN continue son plaidoyer pour un dialogue vraiment national avec la participation de tous les secteurs de la vie nationale.

Il est hautement temps pour que chacun et chaque instance chargé de la direction du pays prenne sa responsabilité pour soulager la misère de la population et pour construire un avenir qui donne de l'espoir.

Port-au-Prince, 25 juillet 2018

Pour la CRAN,

Pierre Yoldy Clermont, TKL, cell. 4242 5501

Rateau Jn Ulrick, ASOKOPEG, cell. 3694 4450

Philomé Lucien, KLAM, cell. 3720 7416

Jn Guillaume Vivianette, CRAN

Me Chrisnel DORSAINIL, CREE, cell. 3727 4593

P. Jan Hanssens, cicm, CONASCH, coordonnateur CRAN, cell. 4084 3139

CRAN / jije – juillet 2018 p. 4